



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 21 out 2014

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOGRAM POU TRANSFÔME MACHE ENÈJI SOLÈ NEW YORK AN YON ENDISTRI OTONÒM

Fizyone plizyè pwogram solè anba inisyativ NY-Sun pral lakoz nan 3,000 MW enèji solè –Ase pou alimante 400,000 kay

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse eta ap fè tranzisyon soti nan plizyè pwogram enèji solè pou rive a yon pwogram inik, pwogram ankourajman NY-Sun nan tout eta. Efò sa deziyen pou sipòte ekonomi vibran enèji solè eta atravè inisyativ \$1 bilyon dola NY-Sun, sa ki pral de fason enpòtan elaji deplwaman enèji solè nan eta, ajoute plis pase 3,000 megawatts (MW) nan kapasite solè eta e finalman transfòme mache enèji solè New York la an yon endistri otònòm.

“Fizyone pwogram sa yo nan pwogram ankourajman NY-Sun pral stimile devlopman pwojè enèji solè nan eta sa a, epi voye yon mesaj klè ke New York se yon lidè nan inovasyon enèji solè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Apwòch sa pral ede endistri a planifye pou lavni, stimile nouvo devlopman epi ede New York nan tranzisyon an yon rezo enèji efikas ki pi bon mache ak pi pwòp.”

NY-Sun se yon pati nan angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje anviwonman an, devlope ekonomi enèji pwòp ak diminye depans pou tout Nouyòkè yo. Plan an gen ladan deplwaye fon piblik nan yon fason stratejik pou kondwi endistri a daprè echèl la epi redwi chaj sou pousantaj peyè yo. Pwogram lan bay sipò finansye pou pwojè enèji solè yo epi itilize yon apwòch sistèm blòk MW ki pwouve pou reponn a chanjman nan kondisyon mache a, pèmèt mache solè a nan chak rejyon nan eta pou grandi nan pwòp ritm li. Li pral elimine ankourajman pi bonè nan rejyon yo kote kondisyon mache a kapab sipòte l, baze sou penetrasyon mache a, demann kliyan, ak peman sou envestisman. Pwogram lan espere ajoute plis pase 3,000 MW kapasite sistèm solè kap fin enstale nan eta nan 2023.

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG, New York State Energy Research ak Development Authority (NYSERDA), te deklare, “Jou demaraj ak finisman pwogram rekonpans enèji solè a fini. Pwogram rekonpans NY-Sun pral bay lajan ki pi nesesè sètitud ak transparans a mache a pou stimile kwasans kontinyèl sektè prive a nan endistri enèji solè a. Angajman Gouvènè Cuomo a enèji solè pral pèmèt

kwasans enpòtan nan ekonomi enèji pwòp New York.”

Sistèm Blòk MW divize eta an twa rejyon – teritwa Con Edison, Long Island ak pati Nò. Yo asiyen chak rejyon blòk MW separe ak nivo rekonpans pou pwojè enèji solè rezidansyèl jiska 25 kilowatts (KW) e ti pwojè enèji solè non-rezidansyèl jiska 200 kW. Lè MW sible pou premye blòk nan chak sektè (rezidansyèl oswa non-rezidansyèl) nan yon rejyon li atenn, blòk sa fèmen e yon nouvo blòk pou sektè a ap kòmanse avèk yon nouvo sib MW ak yon nivo rekonpans ki pi ba. Depi tout blòk yo fin ranpli pou yon rejyon sektè patikilye, yo pap ofri rekonpans ankò pou rejyon sa.

NYSERDA pral travay etwatman avèk PSEG Long Island, sa ki pral jere pwogram lan lokalman nan Long Island, anplwaye New York Power Authority ak endistri fotovòltayik la pandan tranzisyon an, sa ki pral fini nan dat 28 out 2014. Blòk MW ak rekonpans yo pou gwo sistèm komèsyal plis pase 200 kW pral disponib nan ane 2015.

Kliyan yo ka gen aksè a finans pou pwojè enèji solè yo atravè Green Jobs-Green New York.

Gil C. Quiniones, New York Power Authority (NYPA) Prezidan ak PDG, te deklare, “Pwogram rekonpans NY-Sun se yon lòt dimansyon nan efò Eta New York pou avanse itilizasyon enstalasyon enèji solè pwòp. Strikti l pou redwi rekonpans kòm objektif spesifik yo reyalize nan fè sa vini yon vrè modèl pwogram rekonpans - ak youn ki pral benefisye Nouyòkè yo nan eta, enkli kliyan New York Power Authority yo.”

Pandan kwasans enèji solè nan sektè rezidansyèl la te gen anpil siksè nan Long Island, ti kwasans enèji solè non rezidansyèl la te ralanti. Pwogram rekonpans NY-Sun ogmante gwosè sistèm non rezidansyèl ki elijib pou rekonpans de 100 kW a 200 kW e li bay tou rekonpans pou sistèm non rezidansyèl yo ki te enstale atravè Kontra Acha Enèji ak kontra lokasyon, yon strateji ke yo espere pou stimile mache envestisman an.

David Daly, Prezidan ak PDG PSEG Long Island, te deklare, “PSEG Long Island angaje pou pote jenerasyon ki pi efikas ak pi pwòp nan sistèm elektrik la atravè enèji solè PV. Avèk lansman pwogram rekonpans NY-Sun, eta ap kontinye delivre nan pwomès li yo pou plis stimile mache enèji solè PV lokal la. Nou kontan dèske nou travay bò kote NYSERDA pou egzekite lokalman pwogram rekonpans lan, sa ki pral ede mache enèji solè PV Long Island lan vin pi solid. Soti nan enèji solè PV a lòt teknoloji enèji avanse ak resous ki distribye, PSEG Long Island ap bay kliyan li yo nan Long Island ak nan Rockaways plis chwa, pwochen ekonomi nan depans yo ak yon rezo elektrik ki pi fyab ak rezistan.”

NY-Sun se yon inisyativ konplè ki gen ladan konpozan anplis de sistèm blòk MW, tankou:

- NYS Unified Pèmi Enèji Solè ak rezo fòmatè fotovòltayik pou travay avèk ofisyèl lokal yo pou rasyonnalize enspeksyon solè ak pwosesis pèmi ak pou ede ponpye ak lòt premye sekouris yo travay ansekirite nan bilding kote yo enstale sistèm enèji solè;
- Community Solar/K-Solar pou bay kominote ak lekòl yo zouti ak espesyalite pou pote enèji solè nan kominote yo ak nan etablisman lekòl yo ak pou ede aji kòm sant kominotè pou edikasyon

enèji solè;

- Revni fèb a modere gwoup travay fotovòltayik pou idantifye fason pou rann enèji solè aksesib pou Nouyòkè yo ki genyen revni fèb ak modere;
- Edikasyon konsomatè kidonk potansyèl kliyan enèji solè yo kapab konprann opsyon fotovòltayik yo;
- Pwojè rechèch ak devlopman fotovòltayik balanse sistèm ki pran anchaj pa NYSERDA ak New York Power Authority pou redwi depans konpozan fotovòltayik ot ke modil enèji solè a;
- Sipò New York Power Authority pou ogmante itilizasyon enèji solè te egalman enkli pwogram akselerasyon mache solè li, sa ki redwi depans sistèm balans solè nan Eta New York.

Nan premye dezan NY-Sun, yon total de 316 MW fotovòltayik enèji solè te enstale oswa ki sou kontra, plis pase sa ki te enstale nan tout deseni anvan an. Apeprè 116,000 tòn emisyon gaz efè tèmik ap evite avèk enstalasyon pwojè NY-Sun, ki se ekivalan pou retire 23,000 vwati sou wout yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, ale nan sit wèb sa yo: www.ny-sun.ny.gov.

Avèk inisyativ sa a, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè pou fasone avni enèji rete fèmeman anplas. Nan devlope solisyon mache tout nèf, Eta a ap respekte pwomès Gouvènè Cuomo pou l transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, efikas san koute chè epi dinamik. Travay avèk eta, sitwayen ak moun ki gen enterè nan endistri a, règleman enèji New York ap avanse a yon apwòch ki pi baze sou mache desantralize. Sa vle di pwoteje anviwonman an, diminye depans enèji epi kreye opòtinite kwasans ekonomik pou jenerasyon Nouyòkè jounen jodi yo ak sa kap vini yo. Nan vanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè pral genyen enèji amelyore bon mache ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE